

## **Ayiti: Fini ak Abi Seksyèl nan Foutbòl la**

### ***FIFA Dwe pran Entèdiksyon kont Fonksyonè Ki Esplwate Timoun***

(Nouyòk) – Federasyon Entènasyonal Foutbòl Asosyasyon (FIFA) dwe pran mezi entèdiksyon pèmanan kont prezidan Federasyon Foutbòl Ayisyen an, Yves Jean-Bart ak tout lòt fonksyonè ki tonbe anba akizasyon abi seksyèl sou de atlèt, sa se deklarasyon òganizasyon Human Rights Watch fè jodia. Nan dat 15 Oktòb 2020, [FIFA te anonse](#) ekip li genyen ki t ap mennen ankèt yo fini rapò yo sou Jean-Bart, ki tonbe anba akizasyon vyòl ak abi seksyèl sou de jenn jwè ki poko majè. Nan dat 22 Novanm k ap vini la, [Dezyèm sispansyon 90 jou FIFA te bay Jean-Bart ap espire](#).

Otorite Ayisyen yo dwe mete aksyon piblik an mouvman pou mennen ankèt sou akizasyon sa yo, epi [asire sekirite viktim yo](#), deklarasyon Human Rights Watch.

Ankèt FIFA a vini aprè anpil akizasyon ki fè konnen gen de jenn atlèt ki te sibi abi seksyèl ak lòt fòm abi ankò nan *Sant Teknik Nasyonal la* ki nan Kwadèboukè, ki pote non tou “Ranch Kwadèboukè”. Se Chanm jiridiksyonèl FIFA a, ki gen pouvwa pou li pwononse mezi entèdiksyon pèmanan e ki ka enpoze de amann pou peye, ki ap detèmine ki desizyon k ap pran nan kad pwosedi sa a. FIFA te entèdi Jean-Bart pou l pa egzèse “okenn aktivite foutbòl” nan mwa Me e ki te pwolonje rive nan mwa Dawout 2020. Sepandan, Magazin Alman ki rele Deutsche Welle te [rapòte](#) Jean-Bart, yo rele tou “Dadou” te konn rann jenn jwè ki nan fòmasyon nan Ranch lan vizit “nan mitan lannwit”, sa ki se klèman yon vyolasyon sispansyon li te genyen an.

“FIFA dwe pran mezi prese prese pou pwoteje timoun ki toujou a ris fas ak Jean-Bart, nan asire li entèdiksyon ki pran kont li a aplike, epi mennen yon bon jan ankèt sou tout lòt dirijan federasyon foutbòl Ayisyen an ak lòt manm yo akize ki okouran de sa oswa ki fasilite abi seksyèl yo, epi travay nan tèt kole ak otorite kriminel k ap komèt krim sa yo”, sa se deklarasyon [Minky Worden](#), ki se direktè inisyativ mondyal nan Human Rights Watch. “Se pa yon dosye kote se yon sèl zoranj ki pouri nan panyen zoranj lan. Gen Atlèt ki fè konnen gen *anpil* lòt fonksyonè nan Federasyon Foutbòl Ayisyen—fonksyonè ki responsab sekirite jenn atlèt yo—ki swa patisipe nan abi yo oswa fèmen je yo sou sa.”

Depi mwa Me, Human Rights Watch te fè entèvyou ak anpil temwen e kolekte prèv abi sistematik dwa moun nan foutbòl ayisyen an, pami yo de dirijan federasyon an ki konn konfiske paspò, abi dwa travay, prepare jenn atlèt yo pou esplwate yo sekyèlman, e menase pou touye temwen ak viktim yo.

Tribinal Etik endepandan FIFA a te gen pwòp ekip li ki te vini an Ayiti, Human Rights Watch te travay ak ekip dwa moun FIFA a pou rasire yo viktim yo resevwa tretman pou twomatis yo te sibi yo, epi asire pwoteksyon temwen yo, ki founi FIFA prèv sou abi espesifik ki komèt yo, pandan y ap pwoteje idantite viktim yo.

Jean-Bart te travay kòm prezidan federasyon foutbòl ayisyen an depi ane 2000 e li te genyen eleksyon an pou yon sizyèm manda an Fevriye 2020. Se li ki an chaj pou sipèvize ekip jenn yo,

ekip mesye ak medam yo epi fòmasyon yo, ak yon ekip ki gen jenn fi ladan l ki pote non Tigrès, li menm li te fonde an 1972. Jean-Bart te piblikman [nye](#) tout akizasyon ki fèt kont li yo.

FIFA te [pran mezi sispansyon kont de lòt fonksyonè federasyon](#) an nan mwa Dawout epi youn an Oktòb , sa ki fè an [total kat fonksyonè FIFA ap mennen ankèt sou yo kounya a](#) poutèt yo akize yo kòm moun ki patisipe nan agresyon seksyèl sou jwè ak lòt krim ankò. Human Rights Watch okouran de plent ki depoze kont senk lòt gwo fonksyonè federasyon an, pami akizasyon yo, abi kont atlèt ak abit. Gen twa wo fonksyonè non yo site nan repòtaj [journal the Guardian](#) ki konfime Fenelus Guerrier, Garry Nicholas, ak Rosnick Grant, yon vis Prezidan federasyon an ki se tou prezidan komisyon nasyonal abit yo, ki gen ankèt k ap mennen sou yo.

Anpil jwè fè Human Rights Watch konnen Guerrier konn kenbe paspò yo oswa Jean-Bart, sa ki se yon pratik ki asosye a trafik, kontwòle ak mete moun an kaptivite. Atlèt sa yo di Human Rights Watch sa konn mennen a manipilasyon, presyon, ak yon seri abi seksyèl terifyan. Jan yo te di nou an, san paspò yo paka kouri al kache yon kote ki an sekirite pou devwale abi y ap sibi yo. Anpil ansyen atlèt di yo pa janm rejwenn paspò yo ankò. Yon ansyen jwè deklare: “Kenbe paspò a se yon fason pou fèmen bouch mwen pou m pa pale”.

“Pandan sipèvizyon nou t ap fè sou kondisyon yo nan Ranch lan, nou aprann dirijan federasyon yo konn pran dokiman yo konsidere kòm sansib, tankou paspò 11 jwè fanm ki soti nan plizyè klèb”, deklarasyon Pierre Espérance, ki se direktè egzekitif Rezo Nasyonal Defans Dwa Moun ([RNDDH](#)), ki te fè de rechèch e [pibliye yon rapò](#) sou akizasyon abi seksyèl nan federasyon foubòl ayisyen an. “ Paspò sa yo fini ateri nan men Yves Jean-Bart, sa ki vle di li ka rive fè viktim yo ak temwen yo fè silans nan itilize gwo presyon. ”

An Ayiti, fanm ak tifi se nan goumen yo ye pou yo jwenn jistis, e vyolans ki baze sou “jan” an se yon pwoblèm ki gaye nan peyi a. Ayiti pa gen yon lwa espesifik kont vyolans domestik, agresyon seksyèl oswa lòt fòm vyolans ki sible fanm ak tifi. Se nan lane 2005, yo te klèman konsidere Vyòl kòm yon krim, nan yon dekrè ministeryèl.

An 2017, [Minis Sante Ayiti a te pibliye yon ankèt](#) ki fè konnen sou chak uit (8) fanm ayisyen gen youn ki [rapòte yo viktim vyolans seksyèl](#) yon moman nan lavi yo. Daprè Ankèt Nasyonal sou [Vyolans kont Timoun an Ayiti](#) ki te fèt an 2012, “youn (1) sou chak 4 tifi epi youn (1) sou chak 5 ti gason an Ayiti viv omwen yon pwoblèm abi seksyèl avan yo gen18 lane.” Depi lontan Human Rights Watch ap travay pou dokimante kijan de [fanm an Ayiti k ap mande redisyon kont fas a vyolans seksyèl ap rankontre anpil obstak](#), pami yo menas oswa repwòch ki soti bò kote manm nan popilasyon an. Kèk viktim te sibi reprezay akoz yo te depoze plent kont krim yo, sa ki konn pouse yo kite akizasyon yo tonbe.

Pou pote sipò li nan devlopman espò a, FIFA kontribye nan bay chak federasyon foubòl \$ 1.5 milyon dola chak ane nan kad inisyativ ki rele “[FIFA Forward](#)” program. Gwo Fon sa ki te destine pou sipòte devlopman foubòl fanm an Ayiti, men dirijan federasyon an gen enflyans nan domenn foubòl la an Ayiti te an mezi manipile fon sa yo pou kreye yon sistèm esplwatasyon ak trafik moun. Nan pwogram finansman sa yo, dwe gen garanti pou anpeche ogmantasyon dezekilib pouvwa ki fasilite esplwatasyon jenn atlèt epi asire pwoteksyon dwa atlètasyonjenyen, deklarasyon Human Rights Watch. l yo”.

Parapò ak abi flagran e jeneralize de timoun sibi anba men de dirijan Federasyon foutbòl Ayisyen, Human Rights Watch fè rekòmandasyon sa yo:

- FIFA dwe pran de mezi efikas pou rasire li sekirite tout moun k ap patisipe nan foutbòl la garanti an Ayiti. Sa dwe gen ladan l, mete kanpe yon komite nòminalizasyon pwovizwa epi mete de kondisyon kontraktiyèl estrik sou sibvansyon l ap gen pou l bay pi devan yo.
- FIFA dwe mande tout moun ki enplike nan abi sa yo pou yo rann kont devan l, atravè sanksyon disiplinè ki pwopòsyonèl a gravite abi a epi nivo enplikasyon ‘dirijan oswa manm sa a’. Li dwe etabli yon pwosesis pou rasire li viktim abi sa yo resevwa reparasyon ki apwopriye pou domaj yo te sibi a.
- FIFA dwe pran de angajman klè pou rasire l tout dirijan foutbòl ki responsab pou "reponn a preyokipasyon konsènan yon timoun" dwe rann kont lè l echwe nan fè travay sa a. Depi lane 2019, [yo egzije pou tout federasyon foutbòl](#) yo genyen estrikti k ap fè de rapò konfidansyèl, e “ pou pi piti idantifye yon responsab pou pwoteksyon timoun”. FIFA dwe rasire l tout direktiv ki nan inisyativ li genyen ki rele [FIFA Guardians program](#) nan ki la pou idantifye, prevni epi redui ris pou timoun ki enplike nan foutbòl yo aplike efektivman an Ayiti epi lakay tout lòt 211 asosyasyon ki manm li yo.

Human Rights Watch fè yon kri nan zorèy donatè gouvènman ayisyen yo pou yo ensiste sou yon repons global kont vyolans ki baze sou “jan” nan espò, pami yo de mezi klè pou prevni, sipèvize, sipòte viktim yo epi fè moun ki komèt abi yo rann kont. De Ajans Entènasyonal tankou Òganizasyon Entènasyonal Travay dwe fè rapò sou sa epi chèche mete sou pye de sistèm ak de fòmasyon pou pote koreksyon [a travay timoun epi abi](#) moun k ap travay nan federasyon foutbòl ap sibi.

Pou fini, gouvènman ayisyen dwe mennen yon ankèt an pwofondè sou akizasyon abi yo lè li ouvri imedyatman yon ankèt jidisyèl sou akizasyon yo, pou fè tout responsab yo rann kont, epi asire li viktim yo jwenn reparasyon. Ayiti dwe asire l temwen yo jwenn pwoteksyon ak sekirite pou viktim yo epi otorite lajistis yo, pami yo jis anketè yo. Jiska jodia, te gen sèlman yon jij ki te sèlman [kesyone](#) Yves Jean Bart san pa gen okenn chaj krim ki kenbe kont li.

Refòm kòd kriminèl Ayiti a ki fèt an 2020 ki rekonèt agresyon seksyèl ak vyolans ki baze sou “jan” se yon gwo pa an avan, menm si yo p ap efektif pazavan 2022, atik ki fè referans a vyolans e agresyon seksyèl ap sèvi kòm gid pou otorite lajistis yo sou de eleman yo dwe konsidere nan akizasyon krim ki fèt yo.

“Anpil jenn atlèt ak abit an Ayiti te oblije andire de krim terib pou yo ka evolye nan foutbòl la, deklarasyon Minky Worden. “ Kouraj yo genyen pou yo kanpe pou rapòte sa bay FIFA se yon jès imilite e ki ka enspire moun. Dirijan FIFA yo dwe pran bon jan mezi ki fò e efikas pou pote repons a abi yo e adopte de mezi prevansyon pou anpeche lòt timoun viktim menm abi timoun sa yo ap viv.”